



## Afidavi moun k ap ranpli wòl Paran

Objektif fòmilè sa a se pou verifeye kondisyon yon moun k ap aji nan plas paran konfòmman ak Regleman 5.011 Komite Dirijan Lekòl. Ranpli afidavi (deklarasyon) sa a epi remèt li nan lekòl elèv la. Se sèlman fòmilè notarye nou aksepte. Fòm sa a pa aplikab pou elèv ki pa gen kay. Prezantasyon fòm sa a pa garanti enskripsyon nan lekòl sa a. Moun ki reprezante paran an gen responsablite pou montre adrès elèv la pa yon obstak pou kalifikasyon elèv la pou l enskri nan yon lekòl pou zòn li epi ki andeyò volonte li.

Mwen (*non responsab/moun k ap aji nan plas paran*) \_\_\_\_\_

ap aji nan plas paran timoun sa a oswa (yo) (*ekri non timoun nan oswa (yo) an lèt detache*):

Mwen, (*moun k ap aji kòm paran/responsab*) abite aktyèlman ak timoun (yo) ki mansyone pi wo a nan adrès rezidansyèl ki pi ba a nan rejyon Palm Beach la, epi sa a se rezidans prensipal timoun nan (yo). Rezidans prensipal vle di kay kote timoun nan (yo) pase plis tan li (yo). Eksepsyon yo kapab enkli sèten akò tribinal ki apwouve pou paran yo pataje responsablite yo (*ri/vil/kòd postal*):

Verifikasyon sa a nesèsè pou timoun nan oswa timoun yo ki mansyone pi wo a al nan (*non lekòl la*):

Konfòmman ak Lwa Florid §1000.2, mwen kalifye kòm moun ki reprezante "Paran" nan sikonstans ki prezante pi ba a: (tcheke youn sèlman)

- Responsab yon elèv (yo mande pyès legal responsab la)
- Moun ki gen yon relasyon parantal (yo mande prèv - yo egzije yon deklarasyon alekrit notarye paran natirèl la oswa responsab la pou eksplike poukisa yo pa kapab ranpli wòl paran. Bay adrès ak nimewo telefòn paran natirèl ki pi ba a.)
- Moun ki egzèse otorite pou sipèvizè yon elèv alapas yon paran (yo mande prèv - yo egzije yon deklarasyon alekrit notarye paran natirèl la oswa responsab la pou eksplike poukisa yo pa kapab ranpli wòl paran, eksepte jan li deklare nan Regleman 5.0111. Bay adrès ak nimewo telefòn paran an natirèl ki pi ba a.)

Nòt: Si paran natirèl la oswa responsab la pa disponib (tankou genyen yon timoun ki abandone, nan prizon, oswa k ap viv nan peyi etranje), yo anile demand pou yon deklarasyon notarye.

Adrès paran natirèl la: \_\_\_\_\_

Nimewo telefòn (yo) paran natirèl la: \_\_\_\_\_

Mwen konprann falsifikasyon enfòmasyon sa a kab lakòz yo retire timoun mwen an (yo) nan lekòl la epi si m bay yon fo adrès lè m ap enskri pitit mwen (yo), sa kab lakòz lalwa pousoiv mwen.

Lwa Florid §837.06 fè konnen nenpòt moun ak fèm konviksyon ki fè fo deklarasyon alekrit nan entansyon pou twonpe yon otorite piblik nan egzèsis ofisyèl fonksyon li ap koupab pou yon krim dezyèm degre. Anplisdesa yon moun ki fè fo deklarasyon ak fèm konviksyon sou pèn fo temwayaj ap koupab poutèt manti li bay la alekrit, ki se yon krim twazyèm degre.

**Mwen dakò pou m avize Distri Lekòl la tousuit sou tout chanjman ki kab fèt alavni nan adrès oswa aranjman lojman pou timoun sa a (yo). Sou pèn fo temwayaj, mwen deklare ak fèm konviksyon mwen te li dokiman sa a epi enfòmasyon sa yo ki mansyone pi wo a vrè epi kòrèk.**



\_\_\_\_\_  
*Siyati moun k ap ranpli wòl paran an/Responsab*

\_\_\_\_\_  
*Dat*

### ETA FLORID, REJYON PALM BEACH

Sèmante (oswa afime) epi poze siyati devan m jodi a ki se \_\_\_\_\_jou mwa \_\_\_\_\_, \_\_\_\_\_(ane), pou \_\_\_\_\_  
mwen konnen pèsònèlman oswa ki prezante kòm idantifikasyon \_\_\_\_\_

\_\_\_\_\_  
Siyati Notè Piblik – Eta Florid

\_\_\_\_\_  
Enprime an lèt detache, Tape oswa poze so Notè Piblik komisyone a  
Nimewo komisyon ak dat ekspirasyon

**Interoffice Use Only:** Area Office Approval Required  Yes  No Approval Granted  Yes  No  NA

\_\_\_\_\_  
Signature of Area Office's Superintendent

\_\_\_\_\_  
Date